



ENSPEKSYON PWOPRIYETE AK INITE ENFÒMASYON POU REZIDAN YO

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) pral ogmante enspeksyon yo anpil sou pwopriyete ak inite ki gen asistans yo nan dat 1ye jen 2021 pou ede asire sante ak byennèt jeneral fwaye ki gen asistans HUD yo. Yon enspektè nan HUD gendwa enspekte kay ou an trè byento. Jesyon pwopriyete yo pral enfòme rezidan yo alavans pou dat ak lè enspeksyon yo.

Dwa Rezidan yo

- ✳ Rezidan yo dwe kominike nenpòt enkyetid yo genyen anrapò ak sante epi enspektè a pral chwazi yon lòt inite pou l enspekte.
- ✳ Rezidan yo gen chwa pou yo kapab prezan. Si ou pa lakay ou epi yo chwazi inite ou an oaza, enspeksyon an ap kontinye.
- ✳ Rezidan ki lakay yo ka chwazi kite inite a oswa rete ladan pandan enspeksyon an.
- ✳ Enspektè a ak reprezantan pwopriyete a pral adopte distans sekirite epi y ap mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki koresponn avèk pwotokòl sekirite detaye HUD ki gen kòm gid direktiv pi resan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC).

Detay Anplis yo

- ✳ Se pa tout inite rezidansyèl yo ki enspekte, epi yo chwazi bilding ak inite yo oaza nan jou enspeksyon an.
- ✳ Si ou gen kesyon, tanpri kontakte reprezantan pwopriyete ou an oswa Sant Asistans Teknik HUD an (TAC) nan 888-245-4860.
- ✳ Rezidan ki nan pwopriyete HUD Plizyè fanmi yo dwe konsilte “Dwa ak Responsablite Rezidan” HUD yo pou jwenn plis enfòmasyon https://www.hud.gov/sites/documents/DOC_12162.PDF
- ✳ Pou gade deklarasyon Sekretè HUD an sou rekòmansman enspeksyon yo: <https://www.hud.gov/>



Pwosesis ak Sik Enspeksyon Sant Evalyasyon Imobilye

Objektif: Pou asire antretyen kay ou an fèt an tout sekirite, li nesèsè detanzantan pou fè enspeksyon fizik yo. Enspeksyon yo ede asire ke inite yo desan, yo san danje epi yo ijyenik.



Etap 1: Notifikasyon

Reprezantan pwopriyete yo ap fè ou konnen enspeksyon k ap dewoule an.

Etap 2: Avan-Enspeksyon

Kontakte reprezantan pwopriyete ou an pou nenpòt kesyon oumenm oswa fanmi ou ka gen konsènan enspeksyon an avèk reprezantan pwopriyete a oswa Sant Asistans Teknik HUD an (TAC) nan 888-245-4860.



Etap 3: Enspeksyon

Enspektè a swiv yon pwotokòl enspeksyon an detay ki gen ladan mete PPE apwopriye ak lòt egzijans sekirite asosye yo. Enspektè yo pral egzamine zòn kominal pwopriyete a tou.

Etap 4: Apre-Enspek syon

Y ap enfòme mèt pwopriyete a oswa manadjè a sou rezilta enspeksyon yo. Kontakte reprezantan pwopriyete a si ou gen nenpòt kesyon sou enspeksyon inite ou an.



Ou ka jwenn enfòmasyon anplis nan https://www.hud.gov/program_offices/public_indian_housing/reac